



Pou Piblikasyon Imedya: 31/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 232 MILYON DOLA POU FINANSE PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO NAN ETA NEW YORK

Pwojè yo sitiye nan rejyon Long Island, Mid-Hudson, Mohawk Valley, North Country ak Lwès New York yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 232 milyon dola pou sèt minisipalite pou pwojè enfrastrikti dlo potab ak egou ki enpòtan pou pwoteje sante piblik ak anviwònman an. Sibvansyon yo te anonse deja ak pake finansman bon pri Konsèy Direktè Environmental Facilities Corporation (EFC) Eta New York la pral sipòte pwojè enfrastrikti dlo ki totalize plis pase 763 milyon dola.

"Nan twòp kominote, enfrastrikti dlo enpòtan yo tonbe nan move kondisyon, men isit la nan New York n ap pran mezi pou pwoteje sante ak byennèt Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman enfrastrikti 232 milyon dola sa a pou tretman dlo ize ak sistèm dlo piblik yo pral ede patnè nou yo nan gouvènman lokal yo fè gwo envèstisman pou amelyore enfrastrikti dlo yo epi ankouraje angajman Eta a pou amelyore kalite dlo jodi a ak byen lwen nan lavni - kreye yon New York ki pi an sante, pi pwospè pou jenerasyon k ap vini yo".

Asistans finansye Konsèy la te apwouve ki gen ladan finansman akoutèm yo ak sibvansyon ki te anonse anvan yo pral bay gouvènman lokal yo kapital pou ede yo kòmanse travay pou pwojè enpòtan yo. Konsèy la te apwouve tou plizyè konvèsyon finansman alontèm ki ofri soulajman nan enterè pou pwojè ki fini yo ak redui dèt pou minisipalite yo.

Nan finansman pwojè yo te anonse jodi a, yo te apwouve apeprè 200 milyon dola nan finansman san enterè pou twa pwojè izin tretman dlo ize nan Long Island ki amelyore rezistans ak kalite dlo.

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmman ak pwogram Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik la (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA). Vizite [sitwèb](#) EFC a pou aprann plis sou opòtinite finansman enfrastrikti dlo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Pwojè enfrasrikiti dlo pwòp ak dlo potab yo kapab se aktivite zafè finansye ki dekourajan pou kominote Eta New York yo, gwo kou piti, men yo tèlman enpòtan pou sante ak sekirite Nouyòkè yo. EFC kontan dèske finansman ak sibvansyon ki gen kou ki ba ke Konsèy EFC a apwouve jodi a pral ede sèt gouvènman lokal yo bati pwojè abòdab ki pral pwoteje kalite dlo pou ane k ap vini yo. EFC remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan sipò san parèy New York pou ede kominote yo amelyore kalite dlo a, jan sa te ekspoze nan dènye anons li sou disponiblite 225 milyon dola nan sibvansyon dlo eta a. EFC ankouraje gouvènman lokal yo pou yo pwofite opòtinite finansman sa a epi soumèt aplikasyon yo bay EFC anvan dat limit 9 septanm lan".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la ak Prezidan Konsèy EFC a, Basil Seggos te deklare, "Amelyorasyon nan enfrasrikiti dlo New York ki ansyen yo esansyèl pou amelyore kalite dlo, amelyore abita, epi pèmèt kominote nou yo pwospere. Finansman Gouvènè Hochul te anonse jodi a se yon bagay ki enpòtan pou fè avanse pwojè yo, tankou patenarya DEC ak Konte Nassau sou Pwojè Transpò Bay Park enpòtan, pou yo ka bay benefis alontèm ki pwoteje kominote bò lanmè yo, anpeche polisyon dlo, epi asire yo bwè pwòp dlo".

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ke yon gwo investisman nan enfrasrikiti dlo nesèsè pou asire yon anviwònman pwòp epi pou pwoteje sante piblik tout rezidan yo pandan plizyè ane k ap vini yo. Depatman Sante Eta a kontinye travay nan tèt kole ak Environmental Facilities Corporation ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman an pou bay ajans lokal yo konsèy ak asistans pou asire konfòmite dirab avèk nòm dlo Eta New York".

Sekretè Depatman Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Gouvènè Hochul rekonèt ke investisman estratejik nan enfrasrikiti tankou sa yo bay fondasyon pou sante kominote dirab, alontèm ak dinamik. Investisman sa yo nan enfrasrikiti dlo ak egou pral peye dividann pou jenerasyon nan pwoteje sante piblik, sipòte devlopman kominotè ak pwomouvwa pwosperite ekonomik".

Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo Apwouve:

- Vilaj Kingston nan Konte Ulster - 6,184,958 dola nan finansman akoutèm, san enterè ak yon sibvansyon WIIA 1,975,000 dola pou amelyorasyon nan izin tretman dlo ize.
- Konte Nassau - 47,500,000 dola nan finansman akoutèm, san enterè, 47,500,000 dola nan finansman akoutèm, nan to mache ak 26,812,500 dola nan finansman alontèm, san enterè pou planifye, konsevwa ak konstwi derivasyon dlo k ap koule ki soti nan IzinTretman Egou Bay Park la ale nan Izin Kontwòl Polisyon Dlo Cedar Creek la. Pwojè a pral bay rezistans, diminye inondasyon ak amelyore kalite dlo nan Kanal Reynolds.

- Vilaj Lowville nan Konte Lewis - 10,809,000 dola nan finansman alontèm, san enterè pou reyabilite egou sanitè ki deteryore epi pou enstale yon nouvo sistèm koleksyon dlo lapli ak transpò.
- Konte Suffolk - 81,624,796 dola nan finansman alontèm, san enterè pou ranplase debouche dechaj ki soti nan Izin Tretman Dlo Ize Bergen Point rive nan zile baryè Jones Beach ki anba Great South Bay.
- Vilaj Vernon nan Konte Oneida - 5,212,500 dola nan finansman alontèm, san enterè ak 750,000 dola sibvansyon WIIA pou konsevwa ak pote amelyorasyon nan izin tretman dlo ize.

Finansman Pwojè Dlo Potab yo Apwouve

- Vilaj South Dayton nan Konte Cattaraugus - 1,401,900 dola nan finansman akoutèm, san enterè ak 1,823,100 dola sibvansyon nan Fon Woulman Eta pou Dlo Potab pou amelyorasyon nan sous pi, amelyorasyon tretman dlo anba tè, reyabilitasyon rezèvwa tretman, ranplasman apeprè 4,200 pye nan prensipal distribisyon ak ranplasman apeprè 250 mètr dlo.
- Vilaj Philadelphia nan Konte Jefferson - 683,400 dola Sibvansyon WIIA pou konstwi yon bilding tretman dlo, pou konekte ak amelyore yon pi pwodiksyon dlo anba tè, ak enstalasyon kanalizasyon dlo.

Delè Aplikasyon pou Sibvansyon Dlo Eta a se 9 septanm

Kounye a, EFC ap aksepte aplikasyon pou 225 milyon dola nan sibvansyon ki disponib atravè pwogram Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (WIIA) ak Sibvansyon Entèminisipal (IMG), [jan Gouvènè Hochul te anonse an jiyè](#). Dènye faz sibvansyon sa a pral kontinye ede rann investisman nan enfrastrikti dlo yo pi abòdab pou gouvènman lokal yo ak kreye travay nan fabrikasyon, enjeniri, konstriksyon, operasyon izin ak sektè endistri ki gen rapò yo. Gouvènman lokal yo ka aprann plis epi aplike nan efc.ny.gov/wiia. Delè aplikasyon yo se 9 septanm.

Angajman New York pou Kalite Dlo

New York kontinye ogmante investisman nan pwojè enfrastrikti pou dlo pwòp yo. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Bidjè yo Adopte pou 2022-23 a otorize 1.2 milya dola siplemantè, pou yon total 4.2 milya dola, pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik istorik la. Inisyativ istorik sa a, ki dwe pran pa elektè yo pita nan ane sa a, ta modènize enfrastrikti dlo ki ansyen yo epi pwoteje kalite dlo; redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan investi omwen 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo.

Anplis de sa a, Bidjè a te gen ladan tou yon lòt 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo pwòp, k ap mete total investisman Eta a nan dlo pwòp nan 4.5 milya dola depi 2017. Li gen ladan tou 400 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) pou sipòte inisyativ pou diminyasyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab,

pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo.

Fè Avanse Jistis Anviwònmanal nan Mount Vernon

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, eta a te angaje yo [investisman istorik 150 milyon dola](#) ak yon patenarya avèk Majistra Mount Vernon lan, Shawyn Patterson-Howard, ak Chèf Egzekitif Konte Westchester a, George Latimer, pou adrese defi enfrastrikti dlo ak defi sante piblik ki gen rapò ak li ki dire depi lontan ki deja ap ravaje vil la pandan plizyè deseni. Konsèy Vil Mount Vernon te apwouve [6 milyon dola nan kontra eta a finanse byen bonè nan mwa sa a](#) nan kad patenarya a, yon etap enpòtan kle pou pèmèt kòmanse reparasyon egou priyorite yo ak planifikasyon alontèm pou pwochen pwojè dlo ize. Yo te bay yon lòt 3 milyon dola nan finansman federal pou ede rezidan Mount Vernon ke kriz egou ak enfrastrikti dlo nan vil la te afekte atravè [pwogram pilòt Kay Sen](#) Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a te anonse an jiyè. Rezidan ki enterese yo ka ale sou stormrecovery.ny.gov/mountvernon pou jwenn plis enfòmasyon.

Nou ankouraje Gouvènman Lokal yo patisipe nan ankèt sou bezwen basen vèsan ki pwòp yo

EFC rekòmande minisipalite yo pou patisipe nan Ankèt sou Bezwen Basen Vèsan Idwolik Pwòp Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) la, ke EFC te lanse nan New York nan 1 mas. Patisipasyon enpòtan piske li ka afekte kantite lajan federal CWSRF yo pral atribye bay Eta New York pou finanse pwojè enfrastrikti dlo pwòp yo alavni. Yo mande minisipalite yo pou dokimante bezwen nan enfrastrikti pou dlo ize kominotè yo pou soumèt bay EPA. Ale sou <https://efc.ny.gov/needs> pou w soumèt dokiman yo ak pou jwenn resous pou ede avèk soumisyon yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418